

ENFÒMASYON SOU PASYAN


Rejim 12 dòz pou Enfeksyon Tibèkiloz (TB)



Yo jwenn ou fè enfeksyon TB.


Pou trete enfeksyon TB w lan, pran de (2) medikaman (rifapentine ak isoniazid) chak semèn, pandan 12 semèn. Li enpòtan pou pran **tout** medikaman ou yo. Si w bliye pran grenn ou yo pandan semèn lan, rele doktè/klinik ou san pèdi tan.

Rejim 12 dòz lan pa rekòmande pou timoun ki poko gen 2 lane, fanm ansent oswa fanm ki ka vinn ansent pandan tretman an, oswa moun kap pran medikaman pou VIH.



Kisa ki yon enfeksyon TB?

“TB” se tinon jwèt pou yon maladi yo rele tibèkiloz. TB gaye nan lè soti nan yon moun ale nan lòt. Moun ki vin enfekte ak jèm TB, men yo pa santi yo malad genyen sa yo rele **enfeksyon TB**. Rezon ki fè yon moun pa santi l malad se paske jèm TB yo inaktiv (yap dòmi), nan kò yo. Yon moun ki gen enfeksyon TB pa gen sentòm e li pa ka pase jèm TB a bay lòt moun.



Poukisa pou m pran tretman pou enfeksyon TB?

- Yon moun ki gen enfeksyon TB ka gen jèm TB yo nan kò li pandan plizyè lane anvan li vin malad.
- Pran medikaman TB se sèl fason pou tiye jèm TB yo nan kò w.
- Pran medikaman pou enfeksyon TB ka anpeche w devlope maladi TB pi devan.



Ki medikaman ou pral pran pandan 12 semèn?

W ap pran de medikaman (rifapentine ak isoniazid) chak semèn, pandan douz (12) semèn. Doktè w ka fè w rankontre ak yon manm nan ekip kap ba w swen an pou l ba ou medikaman yo, oswa yo ka di w pou pran medikaman yo pou kont ou.

Youn nan medikaman yo, isoniazid, ka lakòz pikotman oswa ou ka pèdi sansasyon nan men'w ak pye'w. Doktè w ka ajoute Vitamin B6 nan plan tretman ou pou anpeche sa.

Anvan ou kòmanse plan tretman sa, di doktè w si w ap pran nenpòt medikaman, tankou grenn pou kontwòl pouwa fè pitit ou ak medikaman pou VIH. Isoniazid ak rifapentine ka gen reyaksyon ak sèten medikaman, kidonk li enpòtan pou doktè w konnen ki medikaman w ap pran.

Si w ap swiv yon lòt doktè, pa bliye di l w ap swiv tretman pou enfeksyon TB.




Centers for Disease
Control and Prevention
National Center for HIV/AIDS,
Viral Hepatitis, STD, and
TB Prevention

www.cdc.gov/tb

ENFÒMASYON SOU PASYAN


Rejim 12 dòz pou Enfeksyon Tibèkiloz (TB)

Lè w ap pran medikaman TB, li enpòtan pou swiv tout sa doktè oswa enfimyè a di pou fè.



Pran medikaman w: Chak Dòz Enpòtan

- Pwograme yon jou ak yon lè pou pran medikaman w. Itilize ti konsèy sa yo pou ede w sonje:
 - Itilize yon trakè medikaman oswa kalandriye pou tcheke jou ou pran medikaman yo.
 - Mete yon alam pou raple'w lè ou dwe pran medikaman yo.
 - Ekri tèt ou yon nòt pou ka sonje pran medikaman yo. Mete l yon kote ou kapab wè l, tankou nan miwa twalèt ou oswa frijidè.
 - Mande yon fanmi oswa zanmi pou ede w sonje.
- Pran grenn yo apre manje. Manje anvan ou pran medikaman pou enfeksyon TB ede kò w absòbe grenn yo pi byen.
- W ap bezwen vale tout grenn yo nan yon sèl okazyon ki kapab dire sèlman 5-10 minit konsa.



Jere Medikaman w yo

- Kenbe medikaman yo a tanperati kay lan.
- Kenbe grenn rifapentine yo nan pake yo vini an jiskaske ou pare pou pran yo.
- Kenbe medikaman yo lwen timoun.
- Kenbe medikaman yo yon sèl kote pou pa bliye kote yo ye.



Limite konsumasyon Alkòl

- Konsumasyon alkòl asosye ak plis chans pou domaje fwa w lè w ap pran isoniazid.
- Ou dwe diskite sou kesyon bwè alkòl ak doktè a anvan w kòmanse medikaman yo.



Efè Segondè

- Li nòmal si irin w, saliv, dlo ki koule nan je w, syè w vin koulè oranj-wouj.
- Isoniazid, ka lakòz pikotman oswa angoudisman nan men ak pye. Doktè w ka ajoute Vitamin B6 nan plan tretman ou pou anpeche sa.
- Revize lis siy ak sentòm ki ka devlope sizoka kò w pa tolere tretman sa.
- Chak moun reyaji yon fason diferan ak medikaman. Pou nenpòt reyaksyon w gen ak tretman w lan, sispann pran medikaman yo epi rele doktè oswa enfimyè w san pèdi tan!



Fanm

- Medikaman sa ka fè òmòn ki nan kontrasepsyon (tankou grenn, bag ak piki pou pa vinn ansent) pa mache.
- Pandan tretman an, itilize yon fòm kontrasepsyon ki san òmòn (kondòm oswa sterilè) pou evite gwosès.
- Si w vinn ansent, sispann pran medikaman yo epi pale ak doktè w oubyen enfimyè w.



**Centers for Disease
Control and Prevention**
National Center for HIV/AIDS,
Viral Hepatitis, STD, and
TB Prevention

www.cdc.gov/tb